



Annou kòmanse!

Yon gid rapid sou fason pou
itilize kit kòlèk Cologuard®
ou founisè swen sante w la
preskri a

Kit ou an nan wout. Pou eksplikasyon pi an
detay, tanpri gade nan Gid Pasyan ki andedan
kit Cologuard ou a lè i rive



Gade
Videyo sou Fason
Pou Itilize nan
Cologuard.com/use



Rele
1-844-870-8870



Tchat Andirèk
nan Cologuard.com

Kisa kit la gen nan li



Bwat ekspedisyon



Gid Pasyan



Kòman pou w
retounen kit ou an



Etikèt yo



Likid
sibstans pou
konsèvason



Veso pou kòlèk



Tib ak sonn



Sipò

Endikasyon pou Itilizasyon

Objektif Cologuard® se pou deteksyon kalitatif makè ADN ki asosye avèk neyoplazi kolorektal ak pou prezans emoglobin kache nan poupou moun. Yon rezulta pozitif ka endike prezans kansè kolorektal (Colorectal Cancer, CRC) oswa adenòm avanse (Advanced Adenoma, AA) epi yo dwe fè yo kolonoskopi apre li. Endikasyon Cologuard se pou fè depistaj kay granmoun toulède sèks, ki gen 45 lane oswa plis, ki gen yon risk mwayen tipik pou CRC. Cologuard pa yon ranplasman kolonoskopi dyagnostik ni kolonoskopi siveyans kay moun ki gen gwo risk yo.

Kont-endikasyon yo

Cologuard fèt pou itilize kay pasyan, ki gen laj 45 lane oswa plis, ki gen risk mwayen ki se kandida ödinèman pou depistaj CRC. Yo pa te evalye Cologuard sou plan klinik pou tip pasyan annapre la yo:

- Pasyan ki gen yon istwa kansè kolorektal, adenòm, oswa lòt kansè asosye yo.
- Pasyan ki te gen yon rezulta pozitif nan yon lòt metòd depistaj kansè kolorektal nan 6 dènye mwa yo.
- Pasyan ki te gen dyagnostik yon maladi ki asosye avèk gwo risk pou kansè kolorektal. Sa yo gen ladan, men se pa sa sèlman:
 - Maladi anflamatwa entesten (Inflammatory Bowel Disease, IBD)
 - Kolit ilserez kwonik (Chronic Ulcerative Colitis, CUC)
 - Maladi Crohn
 - Polipoz adenomatez familyal (Familial Adenomatous Polyposis, FAP)
 - Istwa kansè kolorektal nan fanmi
- Pasyan ki te gen dyagnostik yon sendwòm kansè enpòtan nan fanmi (ereditè), tankou kansè kolorektal ereditè san polipoz (Hereditary Nonpolyposis Colorectal Cancer, HNPCC oswa sendwòm Lynch), sendwòm Peutz-Jeghers, Polipoz asosye ak MYH (MYH-Associated Polyposis, MAP), sendwòm Gardner, sendwòm Turcot (oswa Crail), sendwòm Cowden, Polipoz Jivenil, sendwòm Cronkhite-Canada, Newofibromatoz, oswa Polipoz Ipèplazik Familyal.

Avètisman ak Prekosyon

- Yo te etabli pèfòmans Cologuard nan yon etid transvèsal (sa vle di, yon sèl pwen nan tan an). Yo pa te etidyé pèfòmans pwogramatik Cologuard (sa vle di, avantaj ak risk avèk tès repeète sou yon peryòd tan etabli). Yo pa te evalye pèfòmans kay granmoun ki te teste anvan sa avèk Cologuard. Yo pa te etabli non-enferyorite oswa siperyorite nan sansiblite pwogramatik Cologuard an konparezon ak lòt metòd depistaj ki rekòmande pou CRC ak AA.
- Yo te reyalize etid validasyon klinik la kay pasyan laj 50 lane oswa plis. Machaswiv ACS yo rekòmande pou depistaj la kòmanse nan laj 45 lane. Estimasyon pèfòmans Cologuard kay pasyan ki gen laj

45 a 49 lane te fèt ak analiz sou-gwoup nan gwoup toupre laj yo.

- Rekòmandasyon machaswiv pou depistaj CRC yo varey pou moun ki gen plis pase 75 lane. Desizyon pou fè depistaj moun ki gen plis pase 75 lane dwe pran sou yon baz ki adapte pou yon moun presizeman nan tèt ansanm avèk yon founisè swen sante. Yo dwe entèprete rezulta tès Cologuard yo avèk prekosyon kay pasyan ki pi aje paske to rezulta fo pozitif yo ogmante avèk laj.

- Yon rezulta tès Cologuard negatif pa garanti absans kansè oswa adenòm avanse. Yo dwe konseye pasyan ki gen yon rezulta tès Cologuard negatif pou yo kontinye patisipe nan yon pwogram depistaj kansè kolorektal avèk yon lòt metòd depistaj ki rekòmande. Yo pa te etabli entèval depistaj pou swivi sa a.

- Cologuard ka bay rezulta fo negatif oswa rezulta fo pozitif. Yon rezulta fo pozitif rive lè Cologuard pwodui yon rezulta pozitif, menm si yon kolonoskopi pa te jwenn kansè oswa polip prekansè. Yon rezulta fo negatif rive lè Cologuard pa detekte yon polip prekansè oswa kansè kolorektal menm lè yon kolonoskopi idantife rezulta pozitif la.

- Pasyan yo pa dwe bay yon echantyon pou Cologuard si yo gen dyare oswa si yo gen san nan pipi yo nan oswa poupou yo (pa egzanp, nan senyen apati emowoyid, coupe oswa blesi nan men yo k ap senyen, senyen nan rektòm, oswa peryòd règ).

- Pou garanti entegrite echantyon an, laboratwa a dwe resevwa echantyon pasyan yo nan lespas 96 èdtan apre kòlèk la. Pasyan yo dwe voye echantyon poupou nan laboratwa a drepé machaswiv ki endike nan Gid Pasyan Cologuard la.

- Yo dwe enfòrme pasyan yo sou prekosyon ki endike nan Gid Pasyan Cologuard la. Pasyan yo PA dwe bwè likid konsèvason an.

- Gen risk fèb arrapò ak itilizasyon Kit Kòlèk Cologuard la; yo pa te rapòte okenn evènman endezirab grav nan pami moun yo nan yon esè klinik. Pasyan yo dwe fè atansyon lè y ap louvri ak fèmen kouvèti yo pou evite risk dechiri nan misk men yo. Rx only.



Fabrikan:
EXACT SCIENCES CORPORATION
5505 Endeavor Lane, Madison, WI 53719
ExactSciences.com | ExactLabs.com
1-844-870-8870

Cologuard se yon mak depoze Exact Sciences Corporation. Tout lòt mak komèsyal yo se pwopriyete pwopriyèt pa yo chak apa.
© 2023 Exact Sciences Corporation.
Tout dwa rezèv. LBL10901rev1
HC

IVD


Organize kit kòlèk ou an



- 1 Tcheke paj anvan an, kote gen foto eleman kit la. Debale tout eleman yo **eksepte** sak plastik ak plato blan ki nan pati anba kit la

Konsèy:
Rete tann pou w kolekte echantyon poupou w lan jiskaske w pa gen dyare akòz maladi epi w pa gen san nan pipi w oswa nan poupou w (tankou nan emowoyid oswa peryòd règ)


Kontakte pwofesyonèl swen sante w si w gen senyen sanzatann



- 2 Devide blad pipi w anvan w mete sipò a anplas
- 3 Mete sipò a anba chèz la sou bòl twalèt la




- 4 Bese chèz twalèt la
- 5 Pou devise kouvèti vesò kòlèk la, pose I desann epi vire I nan direksyon kontrè ak sans zegwi yon mont
- 6 On fwa l louvri, mete vesò a nan sipò a




- 7 Chita sou twalèt la epi poupou nan vesò a
- 8 Konsèy yo:
Echantyon poupou w lan pa oblige pafè, men li dwe reflete kèlkeswa sa ki nòmal pou ou
- 9 Echantyon poupou w lan pa dwe pi gwo pase boutèy likid konsèvasyon an
- 10 Pa enkyete w si yon tikras pipi antre nan vesò a


Kolekte echantyon poupou w lan



- 11 Devise sonn lan nan tib la. Sèvi ak sonn lan pou grate echantyon poupou w lan
- 12 Kouvri konplètman avèk poupou rè yo ki sou pwent sonn lan
- 13 Mete sonn lan nan tib la epi vise bouchon an pou fèmen I




- 14 Vide boutèy likid konsèvasyon an nan vesò a
- 15 Tounen vise kouvèti a sou vesò a
- 16 Konsèy:
Li AKSEPTAB si echantyon poupou a pa kouvri konplètman




- 17 Ranpli toulède etikèt yo
- 18 Mete youn sou kouvèti vesò a epi youn toutotou tib la

Ekspedye kit kòlèk ou an



- 19 Tounen mete vesò a ak tib la nan plato blan an nan bwat ekspedisyon orijinal la, epi jete tout lòt atik yo
- 20 Fèmen zip la sou tèt sak la pou fèmen I
- 21 Kachte bwat la avèk bann adezif ki tache sou lanbo bwat la
- 22 Retire etikèt ekspedisyon ki anlè a pou ekspose etikèt ekspedisyon retou peye davans lan
- 23 Byen fè. Ou prè pou w ekspedye!



- 24 Voye kit ou an tounen bay UPS[®] nan menm jou a oswa pwochen jou a apre kòlèk la
- 25 Opsyon retou yo:
 1. Planifye pou UPS pase pran I:
 - Pwograme sou entènèt nan Cologuard.com/UPS
 - Rele 1-844-870-8870 pou jwenn èd
 2. Depoze li nan UPS
 3. Enskri pou w wè rezulta w sou Entènèt nan Cologuard.com/result. Yo voye rezulta yo bay founisè swen sante w nan lespas 2 semèn.